



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 29 oktòb 2014

GOUVÈNÈ CUOMO METE AKSAN SOU ENVESTISMAN \$427 MILYON DOLA POU EDE NAN REKIPERASYON GWO TANPÈT SANDY NAN STATEN ISLAND

Gouvènè a vizite Staten Island pou mete aksan sou efò Eta pou rebati pi byen nan dezyèm anivèsè Gwo tanpèt Sandy

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te vwayaje nan Staten Island nan dezyèm anivèsè gwo tanpèt Sandy pou mete aksan sou efò rezistans Eta, sa ki gen ladan yon investisman \$427 milyon nan pwojè rezistans nan awondisman an. Gouvènè a te vizite katye Oakwood Beach, yon zòn fèb altitud ki te sibi domaj enpòtan nan vag lanmè a pandan tanpèt la e depi lè sa te kalifye pou inisyativ racha ak akizasyon pou retounen l nan yon anviwonman natirèl. Jiska dat, Eta te pwolonje 394 òf atravè inisyativ la, ki totalize \$141 milyon dola pou rezidan Staten Island yo.

“Staten Island te sibi pèt devastatè dezan de sa akòz de sandy, ki te detwi kay, biznis ak mwayen pou viv,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Frekans tanpèt 100 ane te vini nouvo nan reyalite a, e li enperatif ke nou aprann sou devastasyon ki te koze pa yon kalite evènman move tan terib konsa. Investisman \$427 milyon dola te deja kòmanse ede moun yo ki te afekte pa destriksyon Sandy e li pral kontinye pou ede nou rebati kominote yo kidonk yo ka vin pi entelijan, pi ansekirite ak pi rezistan pase anvan.”

Anplis Gouvènè a te pibliye yon rapò jodia ki detaye pwogrè Eta New York te fè nan rebati pi byen apre pasaj gwo tanpèt Sandy. Rapò a montre pwogrè ki te fèt nan domèn lojman, ti biznis, ak enfrastrikti ak rekonstriksyon kominotè atravè pwogram NY Rising, ansanm avèk yon varyete aksyon plizyè ajan nan eta te pran. Ou ka wè rapò a [la](#).

Jamie Rubin, Direktè Egzekitif Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a, te deklare, “Konsantrasyon nou sou Staten Island demontre kijan Eta te kondwi rekiperasyon nan yon nivo mikwo ak makwo. Grasa pòtfèy nou pwogram NY Rising, Biwo Gouvènè a sou rekiperasyon tanpèt kontinye ap ede mèt kay endividyèl yo, ak tout kominote yo simante wout la pou yon avni ki pi rezistan.”

Racha & Akizisyon

Pandan li tap vizite Oakwood Beach, Gouvènè a te bay yon apèsi sou inisyativ Racha & Akizisyon Eta e li tap gade demolisyon yon kay sou liy Fox Beach. Inisyativ la ki se yon pati nan pi gwo pwogram rekiperasyon lojman NY Rising adrese bezwen mèt kay yo ki te eksperimante domaj enpòtan oswa destriksyon pwopriyete yo pandan Sandy, ansanm avèk Siklòn Irene oswa Tanpèt Tropical Lee.

Anplis de Oakwood Beach, inisyativ Racha & Akizisyon an egalman disponib nan katye Staten Island yo Graham Beach ak Ocean Breeze. Eta te resevwa 496 aplikasyon pou pwogram lan e li te pwolonje 394 òf ki totalize \$141 milyon dola a rezidan Staten Island yo. Jiska dat, Eta te fasilite 276 fèmte ki totalize \$112.3 milyon dola epi li antisipe pwojè total yo pral koute \$200 milyon dola. Eta egalman ap depanse \$80 milyon pou pwogram akizisyon vil la.

Jiska prezan, Ea te demoli 47 kay nan Staten Island nan kad efò a, demontre pwogrè nan efò rekiperasyon ak pran yon etap pwogrè enpòtan nan konvèti tè a yon tanpon natirèl bò lanmè. Anplis, eta ap jere \$19.6 milyon nan Depatman Agrikilti ap kontwole yon lòt racha ak akizisyon 49 pwopriyete.

Rebati nan Konsepsyon

Pwogram Baraj dlo nan Staten Island, sa ki se pwopozisyon gayan rekonstriksyon awondisman nan pwopozisyon konsepsyon ki lokalize nan Sprague ak Surf Avenue, se yon lòt pwojè rezistans ki ankou nan Staten Island. Mete sou pye pa Gwoup travay rekonstriksyon prezidansyèl tanpèt sandy nan ete 2013, rekonstriksyon pa konkou konsepsyon te ankouraje konpayi entè-disiplinè yo ki reprezante sa ki pi bon nan planifikasyon, konsepsyon ak jeni, pou kreye plan pou efò rekiperasyon ak rezistans.

Nan jen 2014, Depatman Lojman & Devlopman Iben Etazini te anonse alokasyon apeprè \$920 milyon dola nan pwojè gayan yo, sa ki enkli kat nan New York ak de nan New Jersey. Avèk yon estimasyon depans \$60 milyon dola, pwojè Living Breakwaters te deziyen pa SCAPE/Landscape Architecture e li vize pou entwodui dig ak enteryè ak plat mare ki kapab disipe vag enèji nan zòn kotyè Tottenville.

Menm antrepriz la pral pwomote restorasyon ak park zwit dirab, rann omaj nan istwa maritim rich vil la epi kreye yon tanpon kotyè natirèl pou pwoteje kont pwochen tanpèt yo. Ekip Peyizaj /SCAPE la te egalman nome benefisyè Enstiti Fuller Buckminster pou pwojè a. Yon pwojè mòn sab \$6.75 milyon dola te devlope pa Komite Rekonstriksyon Kominotè NY Rising konplete efò a.

Rekonstriksyon Kominotè

Sou yon laj echèl kominotè, Eta New York sipòte epi ede Staten Island grasa pwogram rekonstriksyon ak Kominotè NY Rising. Grasa inisyativ debaz sa a, awondisman an kalifye pou resevwa \$28 milyon dola pou enpleman 21 pwojè ki pwopoze pa komite lokal li yo. Nan eta, pwogram inovè sa abilite kominote yo ki te afekte pa tanpèt la epi ede yo elabore strateji ki oryante lokalman pou rekiperasyon ak rezistans. Pwojè yo se:

- Mezi Pwoteksyon Entèrim Lès rivaj kotyè a (de faz) - \$2,650,000
- Mòn sab Tottenville ak Great Kills ak plantasyon litoral mòn sab (twa faz) - \$6,750,000
- Plan pwoteksyon entegre rivaj sid - \$400,000
- Plan Vizyon rivaj lès Waterfront - \$250,000
- Etid Fezabilite rezistans Waf rivaj sid - \$350,000
- Etid 'Go to High Ground' – pou pano oryantasyon siyalizasyon ak evakyasyon pou zòn otomobil - \$250,000
- Etid Fezabilite Sant Lokasyon Resous Kominotè Staten Island - \$250,000
- Bay sipò pou COAD Staten Island - \$280,000
- Rekonesans Port Richmond CERT, Ogmantasyon Radyo ak Fòmasyon - \$65,000
- Pwogram Pilòt Elevasyon Kay - \$4,000,000
- Enplemante Pwogram Sibvansyon 'Race for Space' pou konble pozisyon vid pou fasad magazen - \$400,000
- Fòm Sosyete Devlopman Lokal Rivaj Lès - \$600,000
- Etid Mikwo rezo “Rezo rezistans Staten Island” - \$320,000
- Rezo Pwojè Pilòt Mikwo-rezo rivaj lès - \$6,000,000
- Rezo Pwojè Pilòt Mikwo-rezo rivaj sid - \$4,000,000
- Enplemantasyon New Creek Bluebelt - \$5,500,000
- Amelyorasyon peyizaj Lari Hylan Boulevard: “Pòt Antre Bluebelt” - \$1,770,000
- Plan direktè Pwomnad St. George/Vil Tompkins - \$200,000

Chemennfè Staten Island

Otorite Transpòtasyon Metropolitan gen plis pase \$143 milyon nan pwojè rekiperasyon ki ankou pou chemendefè Staten Island, sa ki te soufri domaj enpòtan nan enfrastrikti lè sandy te pouse dlo lanmè a nan zòn ba altitud nan chemendefè a. Travay sa a, finansé pa Administrasyon Federal Transit, gen ladan reparasyon boutik ak lakou konplèks nan Clifton, ansanm avèk tour ak verouyaj nan tèminal St. George. Otorite Transpòtasyon Metropolitan te egalman repare domaj pou \$1.2 milyon dola nan Pon Verrazano-Narrows itilize finansman ki soti nan Ajans Jesyon Ijans Federal.

Lòt Finansman

Eta te bay egalman finansman nan yon kantite lòt sous federal, andeyò pwogram Rekiperasyon Dezaz Blòk Sibvansyon Devlopman Kominotè lojman ak Iben. Fè investisman enpòtan nan enfrastrikti kritik nan zile a, eta te dedye \$12 milyon nan Pwogram Sibvansyon Rediksyon Danje pou mete sou pye mezi rezistans nan Lopital Inivèsite Staten Island – ki se kay pi gwo saldjans nan Staten Island ak yon sous enpòtan nan kabann lopital awondisman an.

Eta te kontribye egalman \$10 milyon dola nan Pwogram sibvansyon Rediksyon Danje finansman pou repare ak ranfòse enfrastrikti nan Sant Medikal Richmond University. Anplis, eseye pou ede plizyè òganizasyon non pwofi nan awondisman ak gwoup kominotè, eta te bay \$17.2 milyon nan finansman sibvansyon Blòk sèvis sosyal. E, travay pou pwoteje park ak sit istorik yo, eta te bay \$350 milyon ki soti

nan Sèvis Park Nasyonal pou amelyore epi pwoteje yon kay konferans park; \$83,000 pou kay Voorlezer nan istorik vil Richmond; ak \$52,360 pou simityè Staten Island nan konte Richmond.

Enfòmasyon osijè Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a

Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a te etabli nan mwa jen 2013 pou kowòdone efò rekiperasyon nan tout eta pou gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt TROPICAL Lee. Byenke Pwogram Rekiperasyon Lojman NY Rising, ti biznis yo, rekonstriksyon ak enfastrikti kominote, envesti plis pase \$4 bilyon dola ki te disponib atravè Depatman Lojman & Devlopman Iben Etazini pou pi byen prepare New York pou pwochen evènman move tan.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride